# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–23 सितम्बर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में आत्मनिर्भर भारत स्वदेशी संकल्प बिसय पर आयोजित कार्यसाला में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के स्वदेसी अपनवले पर जोर देत कहलीं कि जवन भारत में बनल होखे, जेहमें देस के श्रमिकन क पसीना लागल होखे ऊ हमहन खातिर स्वदेसी हउवे। उहां के कहलीं कि 'मेक इन इण्डिया, मेक फॉर द वर्ल्ड' माने भारत में बनल समान जवन पूरा दुनिया बदे उपयोगी होखे, दुनिया ओहके अपनावे खातिर मजबूर होखे ऊ सब हमहन खातिर स्वदेसी हउवे। श्री योगी कहलें कि प्रधानमंत्री मोदी स्वदेसी के अवधारणा के बिराट अउर व्यापक रूप दिहले हवें। स्वदेसी अब खाली एगो नारा नाहीं हवे, अउर खादी के कपड़ा ले सीमित नइखे। हमार देस सुई से ले के समुद्री मालवाहक जहाजि अउर हवाई जहाजि ले बना रहल हउवे।

**********

प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना– आयुष्मान भारत क आजु सात बरिस पूरा हो गइल। सितम्बर दुइ हजार अठारह में रांची से सुरू कइल गइल ई दुनिया क सबसे बड़हन सरकारी सहायता प्राप्त स्वास्थ्य बीमा योजना हउवे। एहसे पचपन करोड़ से जियादे लोगिन के फायदा मिलल हउवे। येह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपने सोसल मीडिया पोस्ट पर कहलें कि आयुष्मान भारत के नाते देस के स्वास्थ्य सेवा के क्षेत्र में क्रांति आ रहल हवे। श्री मोदी कहलें कि ई योजना वित्तीय सुरक्षा अउर सम्मान सुनिस्चित कइले हउवे। उहां के कहलीं कि भारत ई देखवले हवे कि कइसे क्षमता, करूणा अउर तकनीक मानव ससक्तीकरण के आगे बढ़ा सके ला। स्वास्थ्य मंत्री जे.पी. नड्डा सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि आयुष्मान भारत योजना स्वस्थ भारत, विकसित भारत के दृष्टिकोंण के साकार कइले क कुंजी हउवे।

**********

देस के अप्रत्यक्ष कर प्रणाली के सरल बनवले के दिसा में काल्हि से लागू कइल गइल अगिला पीढ़ी क जीएसटी सुधार एगो बड़हन कदम हउवे। कई तरह के समानन अउर सेवा कर पर टैक्स कम भइले से ई सुधार लोगिन के ढेर राहति देई। एगो रिपोर्ट–

***अगली पीढ़ी के जीएसटी सुधारों के तहत, सरकार द्वारा विभिन्न क्षेत्रों में की गई कटौती का लाभ ग्राहकों को मिलना शुरू हो गया है। लोगों को प्रत्यक्ष बचत का लाभ देने के लिए, सरकार ने रोजमर्रा की जरूरत की चीजों और डिब्बा बंद खाद्य पदार्थों पर कर कम कर दिए गये हैं। जैसे हेयर ऑयल, साबुन, शैम्पू, टूथपेस्ट, टूथब्रश और शेविंग क्रीम जैसे उत्पादों पर जीएसटी की दरें 18 प्रतिशत से घटाकर 5 प्रतिशत कर दी गई हैं। अल्ट्रा–हाई टेम्परेचर दूध, पनीर, छैना, रोटी और पराठों पर, जीएसटी कर, पूरी तरह से हटा दिया गया है। नमकीन, भुजिया, सॉस, पास्ता, नूडल्स, चॉकलेट, कॉफी, कॉर्नफ्लेक्स, मक्खन और घी जैसे खाद्य पदार्थों पर भी कर की दर घटाकर 5 प्रतिशत कर दी गई है, जो पहले 12 प्रतिशत वाले स्लैब का हिस्सा था। वहीं, रसोई में इस्तेमाल होने वाले बर्तन, डायपर और सिलाई मशीन जैसी अन्य घरेलू जरूरत की चीजों पर अब केवल 5 प्रतिशत जीएसटी लगेगा। शिवांग के साथ, नीतिका गुप्ता, आकाशवाणी समाचार, नई दिल्ली।***

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सेवा अउर सुसासन के मंत्र से प्रेरित हो के सरकार बदलाव अउर विकास ले आवे बदे अथक कोसिस कइ रहलि हउवे। आजु येह बिसेस श्रृंखला–सेवा पर्व में हम बता रहल हईं कि कइसे मोदी सरकार रोजिगार सृजन अउर उद्यमिता के बढ़ावा दे रहलि हउवे आ नौजवान भविस्य क रोजिगार सृजक बनें येह बदे उन्हें मजबूत बना रहलि हउवे। एगो रिपोर्ट–

***रोजगार सृजन और रोजगार के अवसरों का विस्तार पिछले 11 वर्षों में नरेंद्र मोदी सरकार की सर्वोच्च प्राथमिकता रही है। भर्ती, उद्योग विकास और निर्यात पर केंद्रित प्रयासों ने विभिन्न क्षेत्रों में औपचारिक रोजगार सृजन में मदद की है। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी द्वारा अक्टूबर 2022 में शुरू किया गया रोजगार मेला देश भर में रोजगार सृजन को बढ़ावा देने की दिशा में एक महत्वपूर्ण कदम है। इसका उद्देश्य युवाओं को सार्थक रोजगार के अवसर प्रदान करके उन्हें सशक्त बनाना और राष्ट्रीय विकास में उनकी भूमिका को बढ़ाना है। अब तक 16 राष्ट्रीय स्तर के रोजगार मेले आयोजित किए जा चुके हैं, जिनके माध्यम से 10 लाख से अधिक नियुक्ति पत्र वितरित किए जा चुके हैं। इस वर्ष अपने स्वतंत्रता दिवस संबोधन में, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने प्रधानमंत्री विकासशील भारत रोजगार योजना शुरू करने की घोषणा की, जिसके तहत लगभग साढे तीन करोड़ युवाओं के लिए रोजगार के नए अवसर पैदा किए जाएँगे।***

**********

समाजवादी पारटी क वरिष्ठ नेता आजम खान तेइस महिन्ना के बादे आजु सीतापुर जेलि से रिहा हो गइलें। उनके उप्पर कई गो मामिला में छियानबे केसि दरज बाटे। अठारह सितम्बर के हाईकोर्ट से जमानति मिलले के बाद आजम खान क आजु रिहाई भइल।

**********

अलीगढ़ जिला में आजु एगो कार अउर कैंटर के टक्कर में पांच जने क मउति हो गइल। ई घटना अलीगढ़ के अकाराबाग थान्हा क्षेत्र के गोपी पुल पर भइल जेहमें कार में बइठल चारि जने अउर कैंटर डराइबर क मउति हो गइल। येह दुरघटना पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोक–संतप्त परिजन के प्रति संवेदना जतवले हवें।

**********